

# Bessie Coleman



**Kesyon Esansyèl:** Kisa Bessie Coleman te fè ki koz yo konsidere l kòm yon Ewo?

Bessie Coleman te fèt nan Texas. Manman l te genyen douz pitit. Bessie te renmen fè lekti anpil. Manman l te konn toujou prete liv pou yo tout 12 la nan yon bibliyotèk mobil ki te konn toujou pase devan pòt kay yo nan Texas. Bessie te konn renmen li osijè Booker T. Washington ak Harriet Tubman. Li te konsidere moun sa yo kòm ewo li. Bessie te toujou reve pou l te kapab vini yon moun espesyal menm jan ak yo.

Bessie te toujou konnen lekòl te enpòtan. Li te konn toujou ap li pou ti frè l ak ti sè l yo. Li te konn pratike chif nan konte lajan fanmi lan te konn fè nan vann koton.

Lè Bessie te gen dizwitan, li te antre nan kolèj, men li pat kapab rete akòz mwayen ekonomik fanmi li. Malgre sa li pat janm dekouraje ak bon jan rèv li te genyen. Li te vin rive al abite Chicago ansanm ak de frè li: Walter ak John. Se la Bessie te vin jwenn yon ti travay nan yon **mezon kwafè** ansanm ak frè l yo.

Bessie te konn renmen tande frè li, John, k ap rakonte istwa sou pilòt fanm Fransè yo nan peryòd Premye Gè Mondyal la. Bessie te **dekouvri** kòman li te difisil nan

lane 1920 pou l te kapab vin yon pilòt. Li pat fasil pou yon moun koulè po li te aprann kondwi avyon. Bessie pat dakò ak lwa yo, men li pat jwenn moun ki pou te montre l **pilote** yon avyon.

Yon jou, Bessie rankontre yon mesye ki t ap travay nan jounal; li mande l ki kote l ka jwenn yon moun pou ede l kondwi avyon. Mesye a di l se Lafrans pou l ale paske se sèlman la li tande fanm kondwi avyon. Bessie te vle rèv li **realize**. Li pran klas pou l te kapab aprann pale franse epitou li sanble lajan pou l te kapab **vwayaje** pou Lafrans.

Bessie te vwayaje abò yon bato vapè. Lè l te rive Lafrans li te jwenn yon lekòl ki te aksepte lamenn pou montre l kondwi avyon. Aprè kèk lane Bessie te prè pou l te pilote yon avyon. Bessie se te premye Afriken Ameriken ki te genyen yon lisans pou pilote avyon.

Bessie te retounen nan Amerik. Anpil moun te **entere** pou te wè l k ap **pèfòme**. Yon bon jou konsa nan New York, plis pase mil moun te kanpe pou vin asiste li menm k ap kondwi yon avyon. Aprè kèk lane li te louvri yon lekòl, «The Bessie Coleman Aero Club, » pou l te kapab montre Afriken Ameriken kòman pou yo pilote avyon. Rèv pa yo te realize tou granmesa Bessie Coleman.

**Non:** \_\_\_\_\_ **Dat:** \_\_\_\_\_

**Kesyon Esansyèl:** Kisa Bessie Coleman te fè ki koz yo konsidere l kòm yon Ewo?

---

---

---

---

<b>Itilize tèks la pou w rakonte lavi Bessie Coleman</b>
Premye
Epi
Aprè
Finalman